



Pou Piblikasyon Imedya: 01/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DIREKTIV NOUVO ETA A POU BIZNIS NAN AGRITOURIS YO PANDAN OTÒN LAN AP APWOCHÈ

Direktiv la aplike pou labirent mayi, eksplwatasyon chwazi pwòp fwi/vejetab ou, charèt ak kay ki ante.

Direktiv la disponib [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nouvo direktiv eta a pou biznis agritouris yo pandan Eta New York ap antre nan sezon otòn lan. Biznis yo, ki gen ladan labirent mayi, eksplwatasyon chwazi pwòp fwi ak vejetab ou, charèt ak kay ki ante yo, konsidere kòm atizay anplennè ki gen risk fèb epi yo otorize fonksyone anba [Nouvo direktiv NY Forward New York la](#). Nouyòkè yo ka vizite tou mache fèmeye yo nan Eta a ak santye bwason atizanal yo, ki te rete ouvri anba direksyon Eta a, nan sipòte agrikilti ak touris nan eta a.

"Bèl atraksyon anplennè Eta New York yo ak opòtinite lwazi yo se yon benediksyon pou fanmi ak kominote yo pandan sezon otòn lan chak ane, epi nou vle Nouyòkè yo kapab jwi moman sa a ak fanmi yo yon fason responsab ak san danje", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Nouvo direktiv ki anonse jodi a pral asire biznis sa yo ka ouvri pou piblik la, pèmèt fanmi yo pwofite aktivite prefere yo pandan sa ap ranfòse kominote agrikòl ak ekonomi lokal nou an."

Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball te deklare, "Kòm youn nan eta prensipal peyi nan zafè agrikilti, New York reyini tradisyonèlman nan peryòd otòn pou selebre rekòl la—sòti nan pòm pase nan rezen rive nan sitwouy. Ane sa a, pandan bagay yo ka pa parèt egzakteman menm lan nan fèm prefere ou a, mwen kontan pou di nou ka toujou selebre abondans agrikilti ak anpil aktivite familyal-amikal ki vini ak sa. Avèk nouvo direktiv sa a, nou espere Nouyòkè yo ap kapab pwofite kèk nan pi bon agrikilti New York nan yon fason ki san danje ak ki respekte distans sosyal".

Biznis ki ka re-ouvri yo sijè ak direktiv sou [Atizay ak Divètisman Anplennè ki gen Risk Fèb yo](#) ak [Transpò Piblik](#). Direktiv la gen ladan, men pa limite ak:

Labirent Mayi - otorize konfòmman ak direktiv sou Atizay ak Divètisman Anplennè ki gen Risk Fèb yo ak kondisyon anba yo:

- Kapasite redui
- Kouvèti figi obligatwa
- Distans sosyal dwe respekte ant moun/pati yo

Charèt - otorize konfòmman ak direktiv Transpò Piblik ak kondisyon anba a:

- Kouvèti figi obligatwa
- Distans sosyal obligatwa ant moun/pati yo
- Sifas yo souvan touche yo, tankou ranp men, netwaye ak dezenfekte apre chak pwomnad

Eksplwatasyon Chwazi Pwòp Fwi/Vejetab Ou - otorize konfòmman ak direktiv sou Atizay ak Divètisman Anplennè ki gen Risk Fèb yo ak kondisyon anba yo:

- Kapasite redui
- Kouvèti figi obligatwa
- Distans sosyal respekte ant moun/pati yo.

Kay Ante - otorize konfòmman ak Atizay ak Divètisman pa Anndan ki gen Risk Fèb ak kondisyon anba yo.

- Kapasite redui
- Kouvèti figi obligatwa
- Distans sosyal dwe respekte ant moun/pati yo

Zoo timoun yo pa otorize.

Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) Eta New York la te pibliye yon seri konplè direktiv pou endistri agrikòl, ki gen ladan direktiv pou mache fèmeye yo ak pou fabrikan manje ak bwason li. N ap jwenn tout direktiv yo nan <https://agriculture.ny.gov/coronavirus>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)